Пр-л: Зам. дир. по УВР [signature] /Гаджиам-gob/ 10.09.22

# АВАР МАЦ1АЛЪУЛ ВА АДАБИЯТАЛЪУЛ Х1АЛТ1УЛ ПРОГРАММА 7 КЛАСС

УП: Аварский язык. Учебник для 6-7 классов. Гамзатов Ахмед Гимбатович.2008г. (68ч.)
Аварская литература. Учебник для 7 класса. Усахов М-Р.У., Гимбатов М.М.2005г. (68ч.)

## *Программаялъе баян.*

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Миллиял школазда рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги),

Мац1 берцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1ч1и.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

**Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби**

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

## V-IX классазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, 5-9 классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин,грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

## Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих1го ц1ализе ругьун гьари

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялда хурхараб 3 нух буго:

1. Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби. Гьеб бечед гьабула бат1и-бат1иял словарият х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.

2. Авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.

3. Авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе,гьелъул аслияб пикру батизе,къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Хъвавул х1алт1абазул к1одолъи борцуна раг1абаздалъун ва ч1езабун буго гьезие гьаб къадар.

| Класс | Диктант | Словарияб | Сочинение | | Изложение |
|---|---|---|---|---|---|
| | Раг1и | Диктант | Раг1и | Т1анчил гьумер | Раг1и |
| | | Раг1и | | | |
| V | 80-90 | 10-15 | 90-100 | 0.5-1 | 100-140 |
| VI | 90-100 | 15-20 | 120 | 1-1.5 | 140-180 |
| VII | 100-120 | 20-25 | 140 | 1.5-2 | 180-220 |
| VIII | 120-130 | 25-30 | 160 | 2-2.5 | 240-300 |
| IX | 130-140 | 30-35 | 180 | 2.5-3.5 | 300-400 |
| | | | | | |

**Баян:** Х1асилазул (контролияб ) диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял т1адкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 раг1иялъ.

«3» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 батараб джиктанталъе, яги бит1унхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишарабазулъ 5, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 7 гъалат1 ккараб х1алт1уе.

«2» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 7 ва лъалхъул ишарабазулъ 7, яги бит1унхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишарабазулъ 8, яги бит1унхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишарабазулъ 9, яги бит1унхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалат1 биччараб диктанталъе.

**Грамматикиял т1адкъаял т1уразариялъе къимат лъолеб куц**

«5» къимат лъола, гъалат1 гьеч1ого, киналго т1адкъаял т1уран ратани.

«4» къимат лъола, киналго т1адкъаязул ункъилъа лъабил бут1а (3/4) бит1ун гьабун батани.

«3» къимат лъола, бащадалниги т1адкъаял рит1ун гьарун ратани.

«2» къимат лъола, бащдалдаса дагь гурони бит1ун т1уразарурал т1адкъаял ратич1они.

**7 класс (68 саг1ат)**

4 – контролияб диктант

13 – калам цебет1езаби

| № | Темаби | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1 | Такрар гьаби | 4 |
| 2 | Глагол | 22 |

| | | |
|---|---|---|
| 3 | Наречие | 8 |
| 4 | Союзал | 3 |
| 5 | Частицаби | 3 |
| 6 | Хадурег1ел | 3 |
| 7 | Междометие | 3 |
| 8 | Резерв | 5 |

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

7 абилеб классалда лъазарурал жалго жидедаго ч1арал ва кумекалъулал каламалъул бут1аби баян гьаризе.

Глаголалъул бат1и-бат1иял  формаби лъугьинаризе.

**Ц1алдохъабазда бажаризе ккола:**

Глаголал рит1ун хъвазе. Союзал, хадурег1ел ва частицаби бит1ун хъвазе, междометиязда хадуб запятая яги ах1ул ишара лъезе. Глаголал, наречиял (аск1об, цебе, гьорлъ) ва частицаби, авар литературияб мац1алъул орфоэпия ц1унун, ц1ализе.

Г1адамасул сипат-сураталъулги х1алт1ул иналъулги описаниялъул элементал ругеб хабарияб тексталъул г1ат1идгоги къокъгоги изложение хъвазе.

## 7 классалъул цӀалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тӀалабал.

### ЦӀалдохъабазда лъазе ккола:

&VII классалда лъазарурал жалго жидедаго чӀарал ва кумекалъулал каламалъул бутӀаби баян гьаризе;

& глаголалъул батӀи-батӀиял формаби лъугьинаризе;

### ЦӀалдохъабазда бажаризе ккола:

**Орфографиялъул рахъалъан:**

& байбихьул классазда ва V, VI, VII классазда лъазабураб мацӀалъул материалалда данде кколел орфограммаби баян гьаризе;

& глаголал битӀун хъвазе;

& союзал, хадургӀелал ва частицаби битӀун хъвазе;

& IX классалда лъазарурал пунктограмаби ратизе ва лъалхъул ишарабазе баян кьезе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

& междометиязда хадуб запятая яги ахӀул ишара лъезе;

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

& глаголал, наречиял (аскӀоб, цебе, гъорлъ ва гь.ц.) ва частицаби, авар литературияб мацӀалъул орфоэпия цӀунун, цӀализе;

**Калам гӀуцӀиялъул рахъалъан:**

& гӀадамасул сипат-сураталъулги хӀалтӀул ишалъулги описаниялъул элементал ругеб хабарияб тексталъул гӀатӀидгоги къокъгоги изложение хъвазе;

& гӀаданасул хӀалтӀул ишалъул сурат цебечӀезабун, хъвазе;

& бихьизабураб сюжеталда рекъон, харбал хъвазе;

& жалго цӀалдохъабазул гӀумруялда хурхарал. жидерго пикру загьир гьабун бициналъулал сочинениял хъвазе;

## 7 классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал.

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

&VII классалда лъазарурал жалго жидедаго чIарал ва кумекалъулал каламалъул бутIаби баян гьаризе;
& глаголалъул батIи-батIиял формаби лъугьинаризе;

**ЦIалдохъабазда бажаризе ккола:**

*Орфографиялъул рахъалъан:*

& байбихьул классазда ва V, VI, VII классазда лъазабураб мацIалъул материалалда данде кколел орфограммаби баян гьаризе;
& глаголал битIун хъвазе;
& союзал, хадургIелал ва частицаби битIун хъвазе;
& IX классалда лъазарурал пунктограмаби ратизе ва лъалхъул ишарабазе баян кьезе.

*Пунктуациялъул рахъалъан:*

& междометиязда хадуб запятая яги ахIул ишара лъезе;

*Орфоэпиялъул рахъалъан:*

& глаголал, наречиял (аскIоб, цебе, гъорлъ ва гь.ц.) ва частицаби, авар литературияб мацIалъул орфоэпия цIунун, цIализе;

*Калам гIуцIиялъул рахъалъан:*

& гIадамасул сипат-сураталъулги хIалтIул ишалъулги описаниялъул элементал ругеб хабарияб тексталъул гIатIидгоги къокъгоги изложение хъвазе;
& гIаданасул хIалтIул ишалъул сурат цебечIезабун, хъвазе;
& бихьизабураб сюжеталда рекъон, харбал хъвазе;
& жалго цIалдохъабазул гIумруялда хурхарал. жидерго пикру загьир гьабун бициналъулал сочинениял хъвазе;

| № | *Дарсил тема* | *Дарсида гьабулеб хIалтIул система* | *Словарияб хIалтIи* | *р/хI* |
|---|---|---|---|---|
| 1 | <u>Такрар гьаби.</u> Причастие. Деепричастие. | | | |
| 2 | <u>Такрар гьаби.</u> Предложение. РагIи лъугьин. | XI. 2,3 бицун тIубазе, хI. 1 хъвазе.<br>XI. 1 бицун тIубазе, хI. 2 хъвазе. | ГьанкIеро, хадиро, чIенкьезе, зенезе, хIенсезе, халича, чIотIахъан, миччил | § 47 хI. 4<br>§ 48 хI. 3 |
| 3 | <u>Такрар гьаби.</u> Морфология. | XI. 3 бицун т1убазе, хI. 1 хъвазе. | Гьужум, рейхстаг, тIавап, жасус, лебалав, бикIизе | § 49 |
| 4 | <u>Такрар гьаби.</u> БитIунхъвай. | XI. 3 бицун тIубазе, хI. 5, 6 хъвазе. | Сурмалъи, билигъуд, къоркъо-тIамах, бесдалмахIу, цидурукъ. | XI. 1 гьум. 104 |
| 5 | **Контролияб диктант.** | | | |
| 6 | Глаголалъул мурадияб форма-инфинитив. **«Гьабизе»**-кумекалъул глагол. | XI. 6 , 4 хъвазе, гьум. 108 хI. 3 хъвазе. | | § 50-51 хI.5 гьум. 108. |
| 7 | Журарал глаголал. | XI. 1 бицун тIубазе, хI. 2, 3 хъвазе. | КъобухIизе, ракIбахъана, бис, гIондокь, ахбазан | § 52 хI. 5,6 |
| 8 | **Калам цебетIезаби.** **Хъулухъалъулал кагътал данде гьари. Доверенность. Телеграмма.** | | | |
| 9 | Составиял глаголал. Гьанже заманалъул составиял глаголал. | XI. 2,бицун тIубазе, 3 хъвазе.<br>XI. 2 бицун тIубазе, 3 хъвазе. | Лал тIамизе, гонг, гIужихъаби, ихх | § 53-54 хI. 5 гьум.113 |
| 10 | БачIунеб заманалъул составиял глаголал. | XI. 1 бицун тIубазе, 5 хъвазе. | Гьулчи, саву, гIаба, кверщел | § 54 -55 хI. 4 |
| 11 | **Калам цебетIезаби.** **Гьит1инабго сочинение** | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **«Рукъалъул х1айванал»** | | | |
| 12 | Араб заманалъул составиял глаголал. | XI. 1, 5 хъвазе | ЖегIола, гIер | § 56 xl. 4 |
| 13 | Глаголалъул такрарлъиялъул форма. | XI. 1, 5, 3 хъвазе | Дургъизе, гьогьлъизе, кIобокIизе, гохI, пири, гьод, накIкIигъветI | §57 xl. 6 |
| 14 | Калам цебетIезаби. **Сочинение «Дир гьудуласул хIакъалъулъ хабар».** | | | |
| 15 | Контролияб диктант. | | | |
| 16 | ГIинзул глагол. | XI. 1 бицун тIубазе, xl. 4 хъвазе. | Рохьил рацIцIалъи, квегъизе, мигьлъанила, рукIун | § 58 |
| 17 | Араб заманалъул гIинзул глагол. Тест. | XI. 1 бицун тIубазе, 2, 4 хъвазе . | Гудур, гIакълу камилав, васигат, зани | § 59 xl. 5 |
| 18 | Гьанже ва бачIунеб заманалъул гIинзул глагол. | XI. 1 бицун тIубазе, 2, 5 хъвазе . | ХинкIикълъи, гьа | § 60 |
| 19 | Калам цебетIезаби. **Пикру загьир гьабиялъул сочинение «ТIехь – нилъер гьалмагъ».** | | | |
| 20 | **<u>Глаголалъул наклонениял.</u>** Хабарияб наклонение. | XI. 1, 3 хъвазе. | ТIухьи, махIаби, гIомо-горо, мукъулукъ, ургьимес | § 61 xl. 6 |
| 21 | ТIалабияб наклонение. | XI. 4 бицун тIубазе, 2,3 хъвазе. | Лачен, кьолозе, зинкIкIизе, седезе, кIигIаркьелаб мацI, хулжал | § 62 |
| 22 | Калам цебетIезаби. **Сочинение – репортаж «Перемена».** | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 23 | ТӀалабияб наклонениялъул гьечӀолъиялъул форма. | XI. 1, 3 хъвазе | БетӀерчӀвазе, къанцӀузе | § 63 xI. 4 |
| 24 | ТӀалабияб наклонениялъул гьариялъул форма. | XI. 1, 4, 3 хъвазе | ТӀерхьине, | § 64 |
| 25 | Калам цебетӀезаби. **Бихьаралдаса хабар гӀуцӀизе.** | | | |
| 26 | ТӀалабияб наклонениялъул гьесизариялъул форма. | XI. 5 бицун тӀубазе, xI. 1,3 хъвазе. | Рисалат, манасавал, алфазал, гудур, родотӀа, бахьикъос | § 65 xI. 4 |
| 27 | ШартӀияб наклонение. | XI. 1, 2 бицун тӀубазе, 3 хъвазе. | ГӀор щолеб, гьир, хӀос, шагьримоцӀ, парс, читӀир | § 66 |
| 28 | Контролияб диктант. | | | |
| 29 | ШартӀияб наклонениялъул гьечӀолъиялъул форма. | XI. 1, 3 хъвазе, xI. 4 бицун тӀубазе. | ЦӀигьан, пирав | § 67 xI. 2 |
| 30 | ШартӀияб наклонениялъул анищалъулаб форма. | XI. 1,2 хъвазе | ЛахӀзат, сири, хӀарамзада, чӀалгӀен, палугьанлъи | § 68 xI. 4 |
| 31 | Калам цебетӀезаби. **ЦӀалдохъабазул захӀматалъул сочинение** | «Эбел-инсуе дица гьабулеб кумек». | | |
| 32 | Суалияб наклонение. | XI. 1, 2, 3 бицун тӀубазе, 4 хъвазе. | КъутӀбу, гӀангис, завал, хъощнир, цӀад секьизе, ункъачо | § 69 |
| 33 | Глаголазул битӀунхъвай. | XI.1 бицун тӀубазе, 2 хъвазе, гьум. 141 xI. 1 хъвазе. | Щоб, ххенезе, хӀабургъараб, жен, къатӀра, ихх, бакьуч, махӀу, ритӀучӀ, русснал, таваккалаб, накӀкӀирохьил рацӀцӀалъи | § 70 xI. 3 |
| 34 | Калам цебетӀезаби. | Изложение «Къуватги сихӀирлъиги». | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 35 | Глаголалъул разбор. | XI. 6 хъвазе гьум. 142, глаг. фонет. разбор гьабизе. | | § 71 глаг. фонет. разбор гьабизе. |
| 36 | Диктант (тӀадкъаялгун) | | | Контр. суалал. |
| 37 | Калам цебетӀезаби. **Цадахъ гӀодов чӀарав мадугьаласул бицун сипат-сурат гьабизе.** | | | |
| 38 | Наречие. | XI. 1, 2 бицун тӀубазабе, xI. 4, 5, 6 хъвазе. | Якъинаб, давла, вакил, гӀус | § 72 xI. 7 |
| 39 | Наречиялъул разрядал. | XI. 5 бицун тӀубазе, 1, 3 хъвазе. | Хъукьго, даимго, бегуниса, пасатго, миркалъ, хъата-масан, хеч, гӀуж | § 73 xI. 4 |
| 40 | Наречие лъугьин. | XI. 5 бицун тӀубазе, 2, 3, 4 хъвазе. | ДегӀен, пил, сивуниб, охолиса | § 74 xI. 6 |
| 41<br>42 | Калам цебетӀезаби.<br>**Изложение «Къуватги сих1ирлъиги».** | | | |
| 43 | Наречиялда жанир жинсиял гӀаламатал. | XI. 1 бицун тӀубазе, 2, 4 хъвазе. | ГӀондокь, чапар, чӀагӀа, жайран, бис | § 75 xI. 3 |
| 44 | Предметиял цӀаразул цо-цо падежияб форма наречиязде свери. | XI. 1, 2 бицун тӀубазе, 3, 4 хъвазе. | Ризаб, кар, бигьаро | § 76 xI. 5 |
| 45 | Предметиял цӀаразул цо-цо падежияб форма наречиязде свери. | | | § 76 |
| 46 | Калам цебетӀезаби. **ГӀурусалдаса авар мацӀалде текст буссинаби.** | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 47 | Наречиязул битIунхъвай.<br>Наречиялъул разбор. | XI. 4 бицун тIубазе, 1, 2 хъвазе. | Цудунго, гьод, баси, гIидра, тIокIкIараб лъар | § 77 xI. 5 |
| 48 | Контролияб диктант. | | | Контр.<br>суалал. |
| 49 | **<u>Кумекалъул каламалъул бутIаби.</u>**<br>Союзал. | XI. 3, 4 бицун тIубазе, 2 хъвазе | Базалияв, тавудахъав | § 79 xI. 2<br>гьум. 156 |
| 50 | Союзазул битIунхъвай.<br>Тест. | XI. 1, 2 хъвазе. | КIалцIи, силос, мегъ, карачел, раса | § 80 |
| 51 | Союзазул битIунхъвай. | XI. 3, 4 хъвазе. | Низам, дурусго | § 80 |
| 52 | Калам цебетIезаби.<br>**ГьитIинаб хабарияб асаралъул гIадатаб ва жубараб план гIуцIизе.** | | | |
| 53 | Частицаби. | XI. 1 бицу тIубазе , 1, 3 хъвазе,. | Авлахъ, ашбаз, къанцIцIизе, | § 81 |
| 54 | Частицабазул группаби. | XI. 1, 3 бицун тIубазе , 2 хъвазе,. | МустахIикъав, михир, къоно, хIорго, гIакIа | § 82 частица<br>-<br>бигун предл.<br>ургъизе. |
| 55 | Частицабазул битIунхъвай. | XI. 2 бицун тIубазе, 1, 3 хъвазе. | Чинари, палугьан | § 83 xI. 5. |
| 56 | Калам цебетIезаби.<br>**Сочинение «Дир хасият».** | | | |
| 57 | ХадургIел. | XI. 1, 3, бицун тIубазе, 2 хъвазе | ХIе, бугIа, сусур, | § 84 xI. 5. |
| 58 | ХадургIел. | XI. 1,3 хъвазе гьум. 167. | | § 84 xI. 4. |
| 59<br>60 | Калам цебетIезаби.<br>**Изложение «Бергьенлъиялъул къо».** | Текст цIализе.<br>План гIуцIизе.<br>Лъимал бицизе тIами. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| 61 | ХадургIелазул битIунхъвай. | XI. 1, 2, 3 хъвазе. | ГIел, мегъ, гьир, пуд, зани, гьарзаяб, гьайбатай | § 85 xI. 4. |
| 62 | Междометие. | XI. 1, бицун тIубазе, 2, 4 хъвазе. | | § 86 xI. 1 гьум.170 |
| 63 | Междометиязул битIунхъвай. | XI. 1, 4 бицун тIубазе, 3 хъвазе. | | § 87 контр. суалал. |
| 64 | Диктант (тIадкъаялгун) | | | |
| 65 | Калам цебетIезаби. **КIалзулаб лъазаби** | **«Кин дица тIобитIулеб эркенаб заман?»** | | |
| 66 | Такрар гьаби. | XI. 1 бицун тIубазе, 2, 3 хъвазе. | Гужгат, гьир, гIодонакIкI, пурцимахх, рахъухъирщ, гIебсахъурщ, кIабухъ, варанихIинчI | |
| 67 | Такрар гьаби. | XI. 5 хъвазе. | | |
| 68 | Контролияб диктант. | | | |